

Bagay pou pote nan vizit pou sètifikasyon WIC lan:

- ✓ Vini avèk CHAK manm fanmi an k ap fè aplikasyon pou resevwa sèvis WIC.
- ✓ Pote TOUT prèv revni pou tout moun ki nan kay la (montan anvan yo retire taks ak dediksyon). Revni enkli bagay tankou: salè, pansyon alimantè pou timoun, pansyon alimantè pou granmoun, pèman pou timoun ki nan mezon dakèy, enterè ou retire, konpansasyon pou chomaj, ak revni sèvis militè.
- ✓ Prèv revni an dwe tout kòb ou fè pandan 30 dènye jou yo. Si se chak semèn yo peye ou, pote 4 souch chèk; si se chak mwa yo peye ou, pote yon sèl souch chèk; si se chak 2 semèn yo peye ou, pote 2 souch chèk. Vèsyon elektwonik ki akseptab pou etadkont labank, chèk peman/ souch chèk, ak alokasyon chomaj.

OSWA, si w resevwa Medicaid, asistans lajan kach tanporè (Temporary Cash Assistance—TCA), oswa Asistans Manje (Food Assistance), revni ou fè ki fè w elijib pou WIC.

- ✓ Pote yon prèv kote ou ap viv (Bwat Postal pa ladan), ou dwe ap viv ladan toujou avèk non epi adrès. Prèv yo aksepte enkli bil kouran, dlo, deklarasyon labank ak asirans, oswa lisans pou kondwi. Fòk ou abite nan Florid kounye a, men li pa nesèsè pou se yon sitwayen ameriken. Vèsyon elektwonik ki akseptab pou etadkont labank, Bòdwo sèvis, chèk peman/ souch chèk, ak alokasyon chomaj.
- ✓ Pote YON prèv idantifikasyon pou ou ak YON prèv idantifikasyon pou tout tibebe oswa timoun k ap aplike pou WIC, tankou ak nesans, lisans pou kondwi, kat yo te mete nan bèso l lè l te fèk fèt, idantifikasyon sèvis militè, idantifikasyon ki gen foto, kat sekirite sosyal, oswa dosye lopital. Vèsyon elektwonik ki akseptab pou chèk peman/ souch chèk, ak alokasyon chomaj.
- ✓ Si doktè-w te ranpli Fòm Referans Medikal WIC la, pote fòm sa avèk ou.



Biwo lokal WIC:

An akò avèk lalwa dwa sivil Federal ak Depatman Agrikilti Etazini (USDA) pou règleman ak prensip dwa sivil, Depatman Agrikilti Etazini-an (USDA), Ajans li yo, biwo li yo, ak anplwayè yo, ak enstitisyon ki ap patisipe nan/oswa ki ap dirije pwogram USDA-yo entèdi pou fè diskriminasyon sou fòm rasyal, koulè po, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou ansyen aktivite dwa sivil nan okenn pwogram oswa aktivite ke USDA ap fè oswa finanse. Moun ki andikape ki bezwen kominikasyon sou lòt fòm pou pwogram enfòmasyon (tankou espesyal kominikasyon pou moun ki pa wè byen oswa avèg, ekriti gwo, kasèt odyo, Langaj Siy Ameriken, elatriye...), dwe kontakte Ajans (Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou benefis yo. Moun ki soud, ki pa tande byen oswa ki paka pale byen ka kontakte USDA pa Sèvis "Relay" Federal la nan (800) 877-8339

Anplis de sa, pwogram enfòmasyon kapab disponib nan lòt lang olyede Anglè. Pou pote plent diskriminasyon pou yon pwogram, ranpli Fòm Plent Diskriminasyon Pwogram USDA a, (AD-3027) ki sou sit entènèt: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt voye bay USDA epi mete nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòm nan.

Pou rekòmande yon kopi fòm plent la, rele nan (866) 632-9992. Soumèt fòm ou ranpli a oswa lèt la nan USDA pa: (1) lapòs: U.S. Department of Agriculture, Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410; (2) faks: (202) 690-7442; oswa (3) imèl: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a se yon founisè ki bay opòtinite egal.



NOU EDE
MANMAN
VINN PI
BON MANMAN

1-800-342-3556
FloridaWIC.org



WIC se yon pwogram nitrisyon pou fanm ki ansent oswa k ap bay tete oswa ki fèk ansent, tibebe ak timoun ki poko gen 5 an.

WIC bay bagay sa yo gratis:

- manje ki bon pou lasante
- edikasyon ak konsèy sou nitrisyon
- sipò pou bay tete
- referans pou swen medikal, vaksen ak sèvis nan kominote a

Pou elijib pou WIC selon revni w:

Revni total tout moun nan kay la dwe egal a montan ki nan Règleman pou Revni WIC lan oswa li dwe mwens.

OSWA ou ka elijib selon revni w si w ap resevwa Medicaid, Asistans Lajan Kach Tanporè (Temporary Cash Assistance— TCA), oswa Asistans Manje (Food Assistance).



Règleman pou Revni WIC

Pou yon fanm ki ansent, chak tibebe ki poko fèt konte pou yon moun anplis nan kantite moun ki nan kay la.

Kantite moun ki nan kay la	Revni Mansyèl*
1	\$ 1,926
2	\$ 2,607
3	\$ 3,289
4	\$ 3,970
5	\$ 4,652
6	\$ 5,333
7	\$ 6,015
8	\$ 6,696

*anvan taks ak dediksyon
Revize 6/17/19

Pou aplike pou WIC:

Vizite FloridaWIC.org oswa SignUpWIC.com osinon rele gratis nan nimewo **1-800-342-3556** epi operatè a ap ba w nimewo telefòn pou zòn ou.

Biwo lokal WIC la pral baw yon dat ak lè pou yon vizit pou sètifikasyon WIC. Nan vizit sa a, yo pral egzamine revni fanmi an, estati edikal/nitrisyon chak kandida. Nan jou sa a, ou pral konnen si oumenm ak timoun ou yo elijib pou pwogram WIC lan.

Pou konnen kisa pou pote nan vizit pou sètifikasyon WIC lan, gade nan lòt bò bwochi sa a.

